



Odisyon Piblik pou Chwazi Modèl (Vityèl) ak Reyinyon Pòt Louvri – Somerville / Cambridge – McGrath Boulevard

Sa k ap pase?

Yon Odisyon Piblik pou Chwazi Modèl (Design Public Hearing - DPH) ak yon Reyinyon Pòt Louvri (Open House) pral òganize vityèlman pou bay piblik la yon chans pou konprann tout sa yo pwopoze nan pwojè rekonstriksyon sou McGrath Highway a. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen an repons nan reyinyon an pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib. Pwojè yo pwopoze a, se pou rebati McGrath Highway (Route 28) ant Broadway nan Somerville, ak 3rd St nan Cambridge. Modèl ki deja la kounye a pwopoze pou yo retire McCarthy Overpass la, epi ranplase li avèk yon wout boulva an sifas, avèk entèseksyon ki gen siyal nan nivo trafik. Pwojè a genyen ladan bati, devlope, ak ranfòse enstalasyon pou pyeton, pou bisiklèt, ak pou transpò an komen.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè a konsantre sou ranfòsman konneksyon kominotè ant diferan katye, ak akomodasyon pou tout moun k ap sèvi avèk wout yo. Pwojè a genyen ladan tou amelyorasyon sekirite, ak ogmantasyon espas vèt, ak separasyon fizik ant bisiklèt ak pyeton yo avèk veyikil motè tout kote sa posib, ak eliminasyon baryè fizik ak viziye (ti pon pou pyeton) ki nan kominote a.

Reyinyon Pòt Louvri

Kilè: Jedi 4 desanm 2025
6:30 – 8:00 PM

Ki Kote: Somerville High School
Lower Cafeteria (Kafeterya Anba)
81 Highland Ave, Somerville, MA

Odisyon Piblik pou Chwazi Modèl (Vityèl)

Kilè: Madi 9 desanm 2025
6:30 – 8:00 PM

Pou Patisipe: <https://bit.ly/438tylp>



Pou plis enfòmasyon, gade nan adrès mass.gov/mcgrath-boulevard-project



Pou MassDOT kapab sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Pou poze kesyon sou pwojè a, voye yon mesaj elektwonik nan adrès MassDOTMcgrathblvd@dot.state.ma.us. Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwopozisyon an, tanpri voye li bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS, PROJECT FILE NO. 607981**